



Superintendent of Schools  
Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board  
Perla Tabares Hantman, Chair  
Dr. Lawrence S. Feldman, Vice Chair  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Carlos L. Curbelo  
Dr. Wilbert "Tee" Holloway  
Dr. Martin Karp  
Dr. Marta Pérez  
Raquel A. Regalado

14 novanm 2014

Chè Paran oswa Responsab Legal:

Pitit ou te nan lekòl nan yon distri ki resevwa lajan Tit III nan Depatman Edikasyon Etazini (USDE) dapre Lwa pou Okenn Timoun pa Rete Dèyè (NCLB). Lajan Tit III se yon lajan ki la pou ede elèv k ap aprann lang Angle (ELL) epi ki se pitit imigran ki fèk rive nan peyi ak jèn moun vin gen konpetans oswa devlope konpetans nan lang Angle pidevan, ak satisfè prensip matyè akademik ak siksè elèv nan nivo klas yo menm jan ak kamarad klas yo nan lekòl piblik Florida. USDE egzije Depatman Edikasyon Florid ak tout distri lekòl yo pou yo pran responsablite yo pou pwogrè ELL yo avèk *Objektif Anyèl pou Siksè yo Kapab Evalye (AMAO)*; mezi sa yo endike pwogrè ELL yo chak ane. USDE egzije tou pou yo fè paran yo konnen si nenpòt distri lekòl la pa fè pwogrè pou reyalize objektif sa yo.

Yo itilize twa (3) *AMAO* pou ELL pou mezire pwogrè chak ane pou distri lekòl ki resevwa lajan Tit III:

- *AMAO 1* = Pwogrè nan vin gen konesans nan lang Angle

Ane akademik	Tande/ Pale (K-12)		Ekriti (K-12)		Lekti (K-12)	
	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta
2013-2014	79	<b>74</b>	63	<b>64</b>	65	<b>66</b>

- *AMAO 2* = Pousantaj elèv ki vin konpetan nan lang Angle

Ane akademik	Klas (K-2)		Klas (3-5)		Klas (6-8)		Klas (9-12)	
	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta
2013-2014	22	<b>52</b>	26	<b>21</b>	24	<b>21</b>	21	<b>21</b>

- *AMAO 3* = Pèfòmans elèv yo nan lekti ak matematik ki montre si gen ase pwogrè ki fèt nan ane sou wout pou redui pousantaj elèv ki pa konpetan nan lang Angle yo a mwaye anvan 2016-2017

Ane akademik	Lekti		Matematik	
	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta
2013-2014	53	<b>40</b>	59	<b>48</b>

Lèt sa a se pou fè ou konnen distri lekòl pitit ou pa t satisfè youn oswa plizyè nan *AMAOS* yo pou ane 2013-2014. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè pitit ou nan fason li vin konpetan nan lang Angle, fason ou kapab patisipe pi plis nan lekòl pitit ou, epitou pou jwenn lòt enfòmasyon konsènan *AMAO* yo, kontakte Madan Beatriz Zarraluqui, Direktè Distri Divizyon Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal, nan 305 995-2428.

Ak tout kè mwen,

Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo

AMC:kc  
L383